

## **ANÈKS: Fòmilè Evalyasyon Jistis Anviwònmantal**

Non Pwojè a	Pwojè Reyabilitasyon Seksyon 22 ak Seksyon 21 MWRA
Dat ki Prevwa pou Depozisyon yo nan MEPA	7 desanm 2022
Non Pwopozisyon an	Massachusetts Water Resources Authority (Otorite Resous pou Zafè Dlo nan Massachusetts) (MWRA)
Moun pou kontakte (pa egzanp, konsiltan)	Katherine Ronan, MWRA <a href="mailto:katherine.ronan@mwra.com">katherine.ronan@mwra.com</a> , 617-788-1177
Sit entènèt piblik pou pwojè a oswa lòt lokalizasyon fizik kote yo ka jwenn materyèl pwojè a (si sa disponib)	<a href="https://www.mwra.com/projects/water/sec21-22/sec21-22-update.html">https://www.mwra.com/projects/water/sec21-22/sec21-22-update.html</a>
Minisipalite ak Kòd Postal pou Pwojè a (si li koni)	Boston, Milton, Quincy
Kalite Pwojè* (site tout sa ki aplikab)	Distribisyon Dlo - Tretman/Transpòtasyon
Èske sit pwojè a twouve li nan yon plèn inondab ke FEMA katografye sou 100 ane? Wi/Non/ Enkoni pou kounye a	Wi
Estimasyon emision GES nan espas kondisyone si yo koni ( <a href="#">Klike isit la pou zouti estimasyon GES</a> )	Pa gen – Pa gen okenn espas kondisyone ki asosye ak Pwojè a

### Deskripsiyon Pwojè a

1. Bay yon deskripsiyon tou kout sou pwojè a, sa ki gen ladan gwo sè jeneral sit pwojè a ak pye kare biling ak estrikti yo pwopoze, si yo koni.

Pwojè a prevwa reyabilitasyon pòsyon tiyo dlo Seksyon 22 ak Seksyon 21 MWRA nan zòn Boston, Milton ak Quincy. Tiyo sa yo se eleman enpòtan nan sistèm dlo potab MWRA a epi yo pote dlo bay kliyan nan kominote sa yo. Objektif Pwojè reyabilitasyon sa a se retabli tiyo yo nan fonksyònman konplè yo epi asire livrezon dlo potab fyab e pwòp pou kliyan nan kominote sa yo, kounye a ak alavni.

Seksyon 22 te konstwi an 1950, se apeprè 16000 pye longè, epi li konpoze prensipalman ak tiyo asye 48 pouz ki pa kouvari. Kèk pati nan Seksyon 22 a sitiye nan zòn preyokipasyon anviwònmantal anbouchi larivyè Neponset la (ACEC). Yon pòsyon 650 pye longè nan Seksyon 22 pase anba Rivyè Neponset, ki fèt avèk tiyo an asye ki kouvari ak beton 52 pouz dyamèt. Seksyon 21 te konstwi nan kòmansman ane 1900 yo, li gen apeprè 3600 pye nan longè e li fèt avèk tiyo an fè 24 pouz dyamèt. Tou de tiyo yo bezwen reyabilitasyon. Seksyon 22 nesesite anpil reparasyon pandan ane a epi Seksyon 21 te plen wouy.

Metòd konstriksyon espesyalize ki gen ladan "netwayaj ak revètman" ak "tibaj" yo pral itilize anpil sou tiyo yo, sa ki pral limite fouy nan anpil zòn epi redwi tou alafwa enpak sou anviwònman ak sante piblik ki asosye avèk reyabilitasyon tiyo yo. Anplis de sa, yon pòsyon (apeprè 2800 pye) nan tiyo Seksyon 22 ki egziste kounye a ki sitiye nan yon marekaj sèl ak anbouchi larivyè Neponset ACEC, pral deplase nan Granite Avenue nan Quincy. Sa pral redwi enpak anviwonmantal ki asosye avèk reyabilitasyon ak antretyen alavni segman tiyo sa a. Pwojè sa a planifye pwovizwaman pa faz ant 2025 ak 2027.

2. Enimere nivo evalyasyon MEPA prevwa yo (301 CMR 11.03) (si yo koni)
- 301 CMR 11.03(3)(a). a. chanjman nan youn oswa plis kawo tè marekaj sale oswa bò kote tè marekaj ki gen vejetasyon yo
  - 301 CMR 11.03(11)(b) Nenpòt Pwojè nan yon ACEC deziyen, sof si Pwojè a konsiste inikman nan yon abitasyon familyal.

3. Enimere tout pèmi eta, lokal ak federal ki nesesè pou pwojè a (si yo koni)

#### Eta

- Pèmi Daksè Depatman Transpò Massachusetts (DOT).
- Pèmi Daksè pou Travay Konstriksyon Depatman Konsèvasyon ak Lwazi nan Massachusetts (DCR)
- Lisans pou Antre Otorite Transpò Massachusetts Bay (MBTA)
- Sètifikasyon Kalite Dlo dapre Seksyon 401 Depatman Pwoteksyon Anviwònman nan Massachusetts (MassDEP).
- Depatman Pwoteksyon Anviwònman nan Massachusetts (MassDEP) Chapit 91 Lwa sou Fwon Lanmè nan Massachusetts
- Evalyasyon Komisyón Istorik Massachusetts la

#### Lokal

- Lòd Kondisyon Komisyón Konsèvasyon MassDEP/Milton

#### Federal

- Notifikasiyon Pre-Konstriksyon Seksyon 404 Kò Jeni Lame Amerikèn
- Evalyasyon Koyerans Federal Biwo Jesyon Zòn Kòt Massachusetts yo
- Otorizasyon jeneral Sistèm Eliminasyon Nasyonal Dechaj Polisyon Ajans Pwoteksyon Anviwònman Ozetazini pou Dechaj Dlo lapli ki soti nan Aktivite Konstriksyon

4. Idantifye popilasyon ak karakteristik EJ yo (minorite, revni, Mank Metriz Anglè) nan yon reyon 5 km sit pwojè a (ka jwenn yon kat jeyografik apati [Vizyalizè Kat EJ a](#) olye tèks)

Pwojè a sitiye nan mwens pase lkm avèk 62 zòn resansman nan Boston ak Quincy ki te idantifye kòm Kominote Jistis Anviwònmantal sou vizyalizè kat popilasyon Jistis Anviwònmantal Massachusetts ane 2020. Jan kat jeyografik ki atache a montre sa, karakteristik popilasyon EJ ki nan yon distans mwens pase 1km sit pwojè a gen ladan Minorite; Revni; Minorite ak Revni; Minorite ak Mank Metriz Anglè; ak Minorite, Revni ak Mank Metriz Anglè. Karakteristik Popilasyon EJ ki nan yon distans ki mwens pase 5 km avèk sit Pwojè a gen ladan Minorite; Revni; Mank Metriz Anglè; Minorite ak Revni; ak Minorite, Revni ak Mank Metriz Anglè.

5. Idantifye tout minisipalite oswa zòn resansman ki koresponn definisiyon "kritè EJ pou sante vilnerab" nan [Zouti EJ DPH](#) ki sitiye an antye oswa an pati nan yon reyon 1km avèk sit pwojè a.

Popilasyon EJ nan Boston prezante "kritè EJ pou sante vilnerab" lye avèk timoun ki fè opresyon, plon nan san timoun, ak timoun ki gen ti pwa nan moman nesans.

**6. Identifie potansyèl enpak sou anviwonman ak sante piblik akoutèm ak alontèm ki ka afekte Popilasyon EJ yo ak tout mezi alèjman ki prevwa yo.**

Enpak anviwònman ak sante piblik ki asosye avèk Pwojè a pral gen yon nati tanporè epi lye avèk konstriksyon aktiv. Trafik pou konstriksyon ki gen rapò avèk livrezon materyèl gen posiblite pou gen enpak sou katye ki nan vwazinaj imedya Pwojè a, sa ki gen ladan popilasyon EJ ak popilasyon ki pa EJ. Sepandan, travay yo pral dewoule sou longè tiyo a epi yo p ap twouve yo devan yon sèl kote pandan yon peryòd tan pwolonje. Lòt enpak tanporè posib yo enkli bri, pousyè ak emisyon ki asosye avèk konstriksyon. Pi bon pratik jesyon yo pral aplike pou bese enpak akoutèm sa yo ki gen ladan kontwòl pousyè, respekte règlemantasyon anti-ralenti ak itilizasyon aparèy kontwòl emisyon. Bri konstriksyon yo pral redui nan asire ke ekipman yo fonksyone byen epi ekipe ak dispozitif pou diminye bri. Orè travay abtyèl yo pral limite ant 7 a.m. rive 5 p.m. Lendi jiska Vandredi.

Pwojè a te fèt pou evite totalman enpak pèmanan sou zòn marekaj epi pou redui omaksimòm enpak tanporè sou zòn marekaj ak anbouchi larivyè Neponset ACEC la plis ke posib. Meyè pratik jesyon ki gen ladan tapi konstriksyon ak kontwòl ewozyon yo pral aplike pou evite enpak sou resous marekaj yo.

**7. Identifie avantaj pwojè a, sa ki gen ladan "Benefis Anviwònmantal" jan sa defini nan 301 CMR 11.02, ki ka amelyore kondisyon anviwònmantal oswa sante piblik popilasyon EJ a.**

Bi ak objektif Pwojè a se pou asire kontinite dlo potab san danje epi fyab ak fè pwomosyon pou sante piblik nan kominate tiyo sa yo desèvi yo, tankou Boston, Quincy ak Milton, ki gen ladan tou alafwa popilasyon EJ ak popilasyon ki pa EJ.

**8. Dekri kijan kominate a ka mande yon reyinyon pou diskite sou pwojè a, epi kijan kominate a ka mande sèvis entèpretasyon nan lang oral nan reyinyon an. Espesifye kijan pou mande lòt aranjman, tankou reyinyon apre lè travay yo ak nan lye ki toupre transpò piblik.**

Pou mande yon reyinyon pou diskite sou pwojè a epi mande sèvis entèpretasyon nan lang oral nan reyinyon an, tanpri kontakte Katherine Ronan, MWRA, at 857-289-1742 oswa [katherine.ronan@mwra.com](mailto:katherine.ronan@mwra.com)